

MODÈNIZASYON ATIK 80 AN: LÈT KÒMANTÈ SOU KESYON MOUN POZE SOUVAN

Depatman Planifikasyon Vil Boston an lanse yon inisyativ pou amelyore fason rezidan yo, devlopè yo ak anplwaye Vil la ap viv pwosesis egzamen pwojè devlopman an. N ap chèche kreye yon pwosesis modènize ki fonde sou previzibilite, koyerans, transparans, ak respè delè yo – yon pwosesis ki pran divèsite opinyon yo an kont, ki fasilite investisman nan Boston epi ki sipòte nouvo kwasans nan sèvis vil nou an epi ki reponn yon seri bezwen ki la lontan.

Aprè plis pase yon (1) lane edmi travay ak sansibilizasyon, Depatman Planifikasyon an te pibliye Plan Aksyon pou Modènizasyon Atik 80 an. Dokiman Plan Aksyon sa a defini direksyon pou chanjman nou pwopoze ki pou fèt yo. Peryòd kòmantè a te dire soti mwa septanm rive mwa desanm 2024. Pandan tan sa a, Depatman Planifikasyon an te òganize yon seri opòtinite angajman piblik epi li te kolekte kòmantè sou pwojè Plan Aksyon an. Antou, nou te resevwa 99 lèt kòmantè ([lyen](#)) ak 307 repons pou sondaj.

Dokiman FAQ sa a bay repons pou kesyon moun poze souvan nan lèt ansanm ak sondaj sa yo.

CHANJMAN DEBAZ 1: ANGAJMAN EFIKAS

1. Mwen pè pou Modènizasyon Atik 80 an pa elimine reyinyon piblik yo. Èske kòmantè kominote a ap toujou fè pati pwosesis revizyon devlopman an?

Wi, kòmantè kominote a enpòtan anpil pou reysit pwosesis revizyon devlopman an, epi reyinyon piblik yo ap kontinye fèt nan kad pwosesis sa a. 77% nan moun ki te reponn sondaj la pandan premye faz la te fè konnen yo vle gen plizyè opsyon pou pataje pwennvi yo epi pou yo enplike ([Sondaj Eksperyans Kominotè](#)), kidonk, Depatman Planifikasyon an pwopoze nouvo mwayen pou moun kapab bay pwennvi yo, anplis reyinyon piblik yo.

Nou panse nouvo metòd sa yo enpòtan pakse fatig reyinyon yo se yon enkyetid ki souvan rive nan pwosesis aktyèl pou revize pwojè devlopman an. 78% nan moun ki te reponn sondaj nou an pandan kreyasyon Plan Aksyon an te di yo prefere sondaj ki detaye oswa ki kout, pou yo bay pwennvi yo sou pwojè devlopman yo andeyò reyinyon piblik tradisyonèl yo ([Rapò sou Sondaj Pwojè Rekòmandasyon yo](#)). Pou rezoud sa, manm pèsònèl la ap konsevwa chak opòtinite angajman yon fason pou rive atenn yon seri objektif byen presi, pou redui repetisyon epi pou gwo fatig. Gade nan paj 21 Plan Aksyon an pou aprann plis sou nouvo metòd pou angajman efikas la.

2. Youn nan pwoblèm ki gen nan pwosesis aktyèl la sèke manm kominote a pa toujou wè ki fason yo entegre kòmantè yo fè yo nan pwopozisyon pwojè devlopman yo. Kijan nou ap rezoud pwoblèm sa a nan Plan Aksyon an?

Nou pwopoze pou rezoud pwoblèm sa a lè nou idantifye kèk moman pandan tout pwosesis la, kote Vil la ap pataje fason yo te entegre kòmantè piblik la. Nou panse manm pèsone l la dwe gen obligasyon pou toujou ekri reyaksyon, kòmantè ak santiman kominote a, epi rann enfòmasyon sa yo piblik. Pwomotè pwojè a ap gen obligasyon pou ekri fason yo ap entegre kòmantè yo nan pwojè devlopman yo pwopoze a, epi bay eksplikasyon sou rezon ki fè yo pa t kapab entegre kèk kòmantè. Sa ap kreye yon dyalòg piblik pèmanan sou pwojè devlopman an epi amelyore transparans nan desizyon yo ap pran yo.

3. Klarifye plis detay sou Ekip Konsiltatif Kominotè a (Community Advisory Teams, CAT), tankou konpozisyon, kalandriye ak dire manda a.

Nou rekonèt gen plizyè detay ki dwe regle anvan nou kapab mete CAT yo sou pye, epi nou pran angajman pou fè rechèch, analiz epi pran plis angajman ki nesèsè pou pèmèt pwopozisyon sa a avanse avèk yon fason ki reflechi. Travay sa a ap kontinye pandan pwochen faz efò pou refòm pwosesis revizyon devlopman an. Pandan ane ki ap vini an, nou ap devlope yon seri rekòmandasyon byen detaye pou CAT yo epi nou ap reponn seri kesyon ki vin apre yo nou te tande pandan pwosesis la:

- a. Ki fason limit jewografik oswa limit katye yo pral reflekte nan konpozisyon CAT yo?
- b. Ki fason yo pral entegre ti katye yo ak ekspètiz lokal espesyalize yo?
- c. Èske CAT yo ap gen yon plas pou devlopè yo? Kisa ki ap pase pou reprezantan sektè konstriksyon yo?
- d. Kiyès ki ap dirije fòmasyon pou CAT yo epi sou kisa yo pral pale nan fòmasyon an?
- e. Konbyen tan manda CAT yo ap dire?
- f. Konbyen moun k ap fè pati chak CAT?
- g. Konbyen pwojè devlopman CAT yo pral revize? Kijan nou kapab gen asirans travay sa a p ap twòp pou manm yo?
- h. Èske manm CAT yo ap resevwa yon salè? Ki lòt sipò yo ap bay pou fasilite moun yo patisipe?

Nou ap pataje plis bagay sou plan etid CAT nou yo nan Plan Aksyon ki ajou nou an.

4. Èske Ekip Konsiltatif Kominotè yo (CAT) ap gen otorizasyon pou bloke oswa retade yon pwojè?

Nou pa rekòmande pou CAT yo gen otorizasyon pou bloke oswa retade pwojè devlopman yo. Ni manm kominote yo (77% - [Sondaj sou Eksperyans Kominotè](#)) ni devlopè yo (85% - [Sondaj sou Eksperyans Devlopè](#)) dakò pwosesis aktyèl la twò long, li pa konsistan, epi li enprevizib. Sa lakoz li vin difisil pou konstui nan Boston, sa ki gen enpak sou pwodiksyon lojman yo ak pri lojman yo. Ekip Konsiltatif Kominotè yo (CAT) se yon fason pou ranmase epi amelyore kòmantè kominote a san yo pa gen enpak negatif

sou delè oswa sa yo pa t prevwa yo. Wòl yo se amelyore (men pa ranplase) lòt pi gwo efò pou angajman piblik yo, pandan yo ap ankouraje yon seri konvèsasyon ki pi pwofon epi asire yo devlopman yo konble bezwen ak priyorite kominote a.

Opinyon ak konsèy yo ap pèmèt yo aliye pwopozisyon pwojè devlopman yo sou priyorite planifikasyon an ak kòmantè kominote a, epi sa ap soutni Depatman Planifikasyon nan fè yon rekòmandasyon bay Konsèy BPDA, ki ap pran dènye desizyon an.

5. Poukisa CAT a konsantre sou konvèsasyon pou redui enpak ak avantaj kominotè yo?

Nou anvize pou CAT yo jwen yon wòl konsiltatif konplè, ki kote posibilite pou mete sou pye planifikasyon ak politik yo epi pou reflekte ekspètiz ak kòmantè kominote a. Kontribisyon yo pa limite nan avantaj pou kominote a ak nan konvèsasyon sou mezi pou redui enpak yo. Manm CAT yo ap pote bonjan ekspètiz ak eksperyans pèsònèl yo, epi yo kapab mete anplifye, valide epi konplete ide yo jwenn nan kad lòt efò pou angajman yo (tankou atelye kominotè yo, sondaj yo, ansanm ak premye efò pou angajman yo). Piske manm CAT yo ap resevwa fòmasyon sou kontèks planifikasyon ak devlopman Boston, yo ap kapab idantifye domèn kote pwojè ki pwopoze a koresponn oswa pa koresponn ak objektif planifikasyon yo. Angajman alavni an ap pèmèt nou rafine kontni ak objektif byen presi chak reyinyon CAT yo.

6. Poukisa devlopè yo dwe kòmanse fè kominote a patisipe nan yon pwojè devlopman yo pwopoze, olye nan Depatman Planifikasyon an?

Nou pwopoze pou devlopè yo kòmanse pran angajman depi nan kòmansman pwosesis egzamen an yon fason pou tabli yon klima konfyans epi pou pi byen konprann eksperyans ak bezwen kominote a. Jodi a, pafwa devlopè yo konn angaje yo ak kominote yo depi nan kòmansman pwosesis revizyon an, men, sa konn fèt yon fason ki pa regilye. Angajman yo te pran pandan premye faz efò modènizasyon nou an, te montre ni manm kominote a ni devlopè yo kwè yon angajman bonè pèmèt yo jwenn pi bon rezilta (Plan Aksyon, paj 22), men, se sèlman 16% nan moun ki te reponn yo ki kwè yo te pran angajman an nan bon moman an).

Pwopozisyon nou an ap etabli yon seri prensip epi li ap bay modèl pou asire koyerans ak transparans. Li plis enfòmasyon sou angajman byen bonè devlopè yo, nan paj 22.

7. Eske ap gen angajman an pèsòn nan kad nouvo pwosesis Atik 80 an?

Wi. Nou ap entwodui nouvo angajman an pèsòn, tankou vizit sou sit la, nou pa ofri aktyèlman. Epitou, nou ap amelyore fason pou kominote a jwenn enfòmasyon sou pwojè devlopman yo pwopoze yo, tankou mete nouvo siyalizasyon sou sit la. Siyalizasyon sa a ap mete rezidan ak manm kominote yo okouran — kit yo ap mache, monte bisiklèt, pran bis, oswa kondui — konsènan pwojè devlopman ki ap vini yo ak opòtinite pou bay opinyon yo.

8. Èske w ap pibliye anrejistreman / achiv reyinyon piblik yo?

Wi, nou ap kontinye pibliye anrejistreman reyinyon piblik yo.

9. Èske yo ap anile angajman anvan depo dosye a pou pwojè devlopman ki nan yon Plan Mastè Enstitisyonèl (Institutional Master Plan, IMP)?

Angajman anvan depo yon dosye pou yon pwojè devlopman nan yon IMP ap nesosite yon apwòch byen presi. Li ap sanble ak pwosesis aktyèl la, men, yo ap mete li ajou pou li kapab koresponn ak objektif ki dekri nan Chanjman Debaz 1 an. Sa ap pèmèt nou gen asirans angajman an ap rete efikas epi konsistan ak gwo objektif yo, pandan li ap adapte ak kontèks espesyal pwojè IMP yo. Yo ap kontinye etidye epi devlope travay sa a nan pwochen faz refòm pou revizyon devlopman an.

CHANJMAN DEBAZ 2: PRENSIP KONSISTAN

1. Nou pè pou nouvo estanda pou redui enpak yo pa ogmante depans pou devlopman yo, epi pou yo pa fè pwojè yo pwopoze yo vin pa kapab reyalize akòz finansman.

Nouvo prensip rediksyon yo pa la pou lakoz pwojè devlopman yo pa kapab reyalize akòz finansman. Objektif nou se diminye ensètitud yo lè nou bay ekip pwojè yo yon seri estimasyon pou depans sa yo depi okòmansman, epi pou asire koyerans ant pwojè ki gen menm enpak yo. Se sèlman 11% nan devlopè yo ak 4% nan manm kominote a ki dakò apwòch Vil la itilize aktyèlman pou redui enpak la konsistan, soti nan yon pwojè pou ale nan yon lòt (Plan Aksyon, paj 33), epi tout gwoup moun ki konsène yo rekonèt enpòtans ki genyen pou nòmalize pwosesis rediksyon an. Lè yo mete sou pyeyon seri nouvo prensip, Vil la kapab defini yon apwòch konsistan pou detèmine mezi rediksyon ki apwopriye pou yon pwojè devlopman byen presi.

2. Kijan yon fòmil inik pou rediksyon kapab aplike pou yon seri pwojè ki gen diferan gwosè epi ki nan diferan katye?

Plan Aksyon an pa rekòmande yon fòmil inik. Jan sa ekri nan paj 44 la, gen anpil faktè enpòtan pou detèmine montan ki apwopriye pou mezi rediksyon yo, tankou gwosè pwojè a ak katye a. Yon apwòch nòmal pou redui enpak la, dwe pran detay byen presi yo an konsiderasyon, yon fason pou konprann diferans ki genyen nan devlopman yo pwopoze a. Pa egzanp, estimasyon mezi rediksyon an ap baze sou anplasman, itilizasyon prensipal ak gwosè pwojè yo pwopoze a. Si pwopozisyon an chanje pandan pwosesis revizyon an, mezi redikasyon yo atann nan kapab chanje tou. Pandan ane ki ap vini an, nou ap devlope yon seri rekòmandasyon byen detaye pou kreye mezi rediksyon yo prevwa, epi nou ap reponn seri kesyon ki vin apre a nou te tandè pandan pwosesis la:

- a. Kisa nouvo definisyon ki pèmèt enfrastrikti, rediksyon enpak, ak avantaj kominotè yo ap ye?
- b. Kijan yo ap aplike prensip yo prevwa yo nan diferan kalite ak echèl devlopman yo pwopoze yo?
- c. Èske gen pwojè ki p ap oblije jwenn avantaj kominotè yo?

- d. Kijan yo ap detèmine apwòch rediksyon yo prevwa pou diferan pwojè yo? Ki faktè yo ap konsidere (anplasman, itilizasyon, gwosè, elatriye)?
- e. Kijan avantaj kominotè yo ap lye ak planifikasyon epi bezwen kominotè yo?
- f. Èske ap gen yon limit pou avantaj kominotè nan kèk kalite pwojè?

3. Èske ap gen yon "chemen rapid" pou pwojè devlopman ki abòdab yo?

Depatman Planifikasyon an ak Biwo Majistra a pou Zafè Lojman an (Mayor's Office of Housing, MOH) te deja mete sou pye yon pwosesis efikas epi ki kowòdone pou revizyon pwojè ki abòdab yo, dapre Dekrè Egzekitif Majistra a Ki Gen Rapò ak Akselerasyon Pwodiksyon Lojman Abòdab yo (oktòb 2022). Nou ap kontinye etidye opòtinite pou plis akselere revizyon pwojè ki abòdab yo, pou fè ekilib ant respekte delè ak nesosite pou manm pèsònèl Vil la ak kominote a fè yon egzamen ki apwopriye.

4. Pou ki rezon prensip egzansyon pou lojman abòdab yo pwopoze yo se 60% plis abòdab nan 100% Revni Mwayèn Zòn nan (Area Median Income, AMI)?

Estanda sa yo baze sou Dekrè Egzekitif Majistra a Ki Gen Rapò ak Akselerasyon Pwodiksyon Lojman Abòdab yo (oktòb 2022).

5. Kijan enfòmasyon kont deplasman yo pwopoze a koresponn ak egzijans 'Pwomosyon Aktif pou Lojman pou Tout Moun' lan (Affirmative Furthering Fair Housing, AFFH) epi Komite Ant Ajans pou Devlopman Lojman Ekitab nan Boston' lan (Boston Interagency Fair Housing Development Committee, BIFDC) yo?

Egzijans rapò AFFH yo ak Komite Ant Ajans pou Devlopman Lojman Ekitab nan Boston an (BIFDC), pèmèt yo evalye pwojè lojman yo ak enpak yo kapab genyen sou deplasman yo, sitou nan zòn ki gen antesedan diskriminasyon yo. Nouvo Divilgasyon Kont Deplasman an fèt pou konplete egzijans AFFH yo nan twa (3) fason enpòtan: Divilgasyon an: 1) evalye nenpòt deplasman dirèk rezidan yo, ti antrepriz yo, oswa pwogram atistik ak kiltirèl yo, 2) aplikab pou tout pwojè, gwo kou piti, yo soumèt pou pwosesis revizyon devlopman Atik 80 Vil la - lojman oswa komès, epi 3) etidye fason devlopè yo kapab soutni efò pou reloje moun ak antrepriz ki touche yo. Nan plan pou lite Kont Deplasman toupatou nan vil la, nou ap pibliye pi devan nan ane sa a, ap gen lòt fason pou Vil la lite kont deplasman. Li plis sou sit entènèt Kont Deplasman an.

6. Èske divilgasyon sou deplasman an ap kouvri deplasman endirèk yo tou?

Nouvo divilgasyon an ap konsantre sou deplasman dirèk lokatè ki deja anplas yo. Vil la gen lòt zouti ki konsantre sou deplasman endirèk, tankou Zonaj AFFH, Zonaj Enklizif ak Frè Lyezon. Zonaj AFFH la egzijè pou pwojè rezidansyèl oswa pwojè pou itilizasyon miks avèk konpozan rezidansyèl Atik 80 an egzamine yo, konsidere enpak sa genyen sou rezidan ki nan zòn ki gen antesedan diskriminasyon yo, yon fason pou yo kapab pran yon seri mezi pou redui enpak sa yo, pou bay nouvo opòtinite lojman epi pou jere antesedan eksklizif yo. Zonaj Enklizif la egzijè pou nouvo pwojè devlopman lojman yo kreye yon seri inite revni ki limite epi yo te mete ajou sa pa gen lontan, pou ajoute pwojè ki pi piti, san wete pwojè ki pa pase nan revizyon devlopman Atik 80 an. Frè lyezon yo se yon taks sou gwo bilding komèsyal ak laboratwa yo, apres, yo investi yo dirèkteman

nan pwodiksyon lojman abòdab ak nan pwogram fòmasyon travay yo. Epi tou, yo te fèk mete politik sa a ajou pou ogmante frè yo peye yo epi pou yo aplikab ak yon seri bilding ki gen gwosè pi modès. Ansanm, pwojè sa yo ap kontribiye pou soutni moun ki ap fè fas ak deplasman yo.

7. Poukisa avantaj kominotè Plan Direktè Enstitisyonel la (Institutional Master Plan, IMP) pa ajoute tout kontribisyon inivèsite yo pote nan kominote yo a, tankou kontribisyon Pèman Olye Taks yo (Payment In Lieu of Tax, PILOT)?

Avantaj kominotè IMP yo konsantre sitou sou kontribisyon ki lye ak pwojè devlopman sou baz Atik 80 Kòd Zonaj Boston an. Byenke inivèsite yo bay pakèt lòt fòm avantaj, an jeneral, se biwo Evalyasyon an ki ap rapòte yo, epi konsa, yo jere yo yon fason separe ak pwosesis revizyon pwojè devlopman an. Vil la anvizaje pou suiv tout avantaj kominotè enstitisyon yo bay nan yon sèl kote, sa ki ap pèmèt manm nan kominote a pi byen konprann tout pwogram yo, tout aktivite yo, ansanm ak avantaj kominotè yo bay Vil la ak kominote a, epi pou konpare yo ant enstitisyon yo.

8. Li nesèsè pou yo netwaye epi klarifye rekòmandasyon ki lye ak rediksyon yo, sitou definisyon Chapit 91 yo ak ankourajman pou depase kritè debaz yo.

Yo ap abòde anpil nan chanjman byen presi konsènan rediksyon an nan pwochen faz refòm pwosesis revizyon devlopman an. Nan moman sa a, nou ap egzamine entèraksyon ak koyensidans ant Chapit 91 lan, ki se yon règleman Eta a, epi Atik 80, ki se yon règleman Vil la. Nou rekonèt li kapab konplike pou nou jere règleman separe sa yo, ki gen pwòp definisyon ak egzijans pa yo. Objektif nou se amelyore fason egzijans nan Atik 80 an koresponn ak Chapit 90 la.

9. Èske gwo pwojè yo dwe konsève yon apwòch ki negosye pou rediksyon?

Nou kwè yon apwòch estanda pou rediksyon se pi bon chwa pou pifò gwo pwojè yo. Sepandan, Depatman Planifikasyon an ap gen posibilite pou konsidere yon seri mezi rediksyon byen presi pou pwojè ki inik akoz gwosè oswa kokennchenn enpak yo.

10. Ki kategori yo pwopoze pou avantaj kominotè yo?

Kategori yo pwopoze pou avantaj kominotè yo se:

- a. Dirabilite ak rezistans
- b. Lojman
- c. Transpò ak Enfrastrikti
- d. Atizay ak Kilti
- e. Espas Ouvè ak Espas Piblik
- f. Edikasyon
- g. Ti Biznis / Devlopman Ekonomik
- h. Prezèvasyon Patrimwàn Istorik
- i. Enstalasyon Kominotè ak Sivik

Yo ap detèmine kategori ki apwopriye pou yon pwojè devlopman lè yo egzamine plan katye yo, evalyasyon bezwen yo, ak priyorite Vil la.

11. Èske mezi ki pran pou konbat depasman dirèk yo konte kòm mezi rediksyon?

Wi, yo ap konsidere mezi pwomotè yo pran pou konbat depasman dirèk yo kòm mezi pou rediksyon. Nan mezi pou rediksyon yo gen depans pou konpanse enpak negatif yon devlopman kapab lakoz. Nouvo pwopozisyon Divilgasyon Kont Depasman an sitou idantifye yon seri estrateji nan objektif pou anpeche oswa redui enpak sa a, tankou èd pou relokalize lokatè ki deja sou plas yo, opsyon pou lokatè yo retounen, oswa pou kouvri frè amenajman yo pou lokatè komèsyal yo.

12. Èske avantaj kominotè yo ak Politik Devlopman Enklizif la (Inclusionary Development Policy, IDP) ap volontè?

Avantaj kominotè yo ak Politik Devlopman Enklizif la (IDP) gen diferan egzijans. IDP a pa volontè; kounye a li entegre nan Kòd Zònaj la epi yo rele li Zònaj Enklizif (Inclusionary Zoning, IZ), politik sa a egzije pou devlopman lojman ki gen pri mache a gen yon sèten pousantaj lojman ki gen revni limite.. Avantaj kominotè yo volontè okòmansman, men, yonfwa yo fin dakò sou yo, yo ap ofisyalize pa mwayen nòt Konsèy BPDA a ak lòt akò ki obligatwa nan domèn jiridik. Menmsi zonaj la pa egzije sa, avantaj kominotè yo jwe yon wòl enpòtan nan bay asirans pwomotè yo ap kontribiye yon fason pozitif nan katye ki ozalantou yo, lè yo ede pou etabli yon bon relasyon avèk rezidan yo epi avèk kominote a an jeneral.

13. Èske yo ap mete yon limit sou avantaj kominotè nan Plan Direktè Enstitisyonèl la (IMP) la?

IMP yo se yon seri plan konplike, alontèm, ki adapte ak bezwen byen presi chak enstitisyon genyen, se poutèt sa yo mande yon apwòch fleksib. Kòm rezilta, p ap gen yon limit fiks sou avantaj kominotè ki asosye ak IMP yo. Okontrè, yo ap evalye epi detèmine avantaj kominotè yo sou yon baz ka-pa-ka pou chak IMP, pou gen asirans yo an konfòmite ak sikonstans inik chak enstitisyon epi pou kominote ki ozalantou li a. Jan nou dekri sa nan paj 66 Plan Aksyon an, pwosesis revizyon IMP a kapab defini yon montan maksimòm pou avantaj kominotè yo ki dwe apwopriye si tout devlopman yo pwopoze nan IMP a reyèlman fèt. Apresa, lè yo ap revize pwopozisyon pwojè byen presi yo, yo dwe konsidere avantaj byen presi yo bay yo nan limit IMP defini a.

14. Èske yo konsidere rediksyon nan konstriksyon an kòm yon pati nan rediksyon an?

Wi, rediksyon nan konstriksyon an fè referans ak yon seri mezi yo pran davans pandan yon pwojè konstriksyon pou diminye enpak negatif sou anviwònman an ak kominote a. Nan kad pwosesis revizyon pwojè devlopman aktyèl la, Depatman Transpò nan Boston an (Boston Transportation Department, BTM) enpoze pwomotè pwojè yo yon Plan Jesyon Konstriksyon (Construction Management Plan, CMP). BTM a dwe apwouve chak Plan Jesyon Konstriksyon anvan yo bay yon pèmi pou konstui. Nan CMP a gen akò sou èdtan konstriksyon yo, pakin pou travayè konstriksyon yo, wout pou estokaj ansanm ak livrezon materyèl yo, aksè sou twotwa yo epi pou pyeton yo, ak plis toujou. Mezi rediksyon nan konstriksyon yo ap kontinye fè pati pwosesis revizyon pwojè devlopman an.

15. Èske yo ap kodifye estanda rediksyon yo nan zònaj la?

Nou poko detèmine si nou ap kodifye estanda rediksyon yo nan zònaj la oswa si nou ap adopte yo antanke politik Vil la. Nou ap etidye epi analize opsyon sa yo nan pwochen faz efò pou modènizasyon revizyon devlopman an. Nan kad rechèch nou fè sou vil ki konparab yo (Analiz ak Revizyon sou Vil ki Konparab), nou idantifye divès kalite apwòch lòt vil yo itilize pou gen asirans mezi rediksyon yo previzib epi yo konsistan pou yon seri pwojè ki gen divès gwosè. Nou poko idantifye yon modèl ki pi adapte ak pwosesis revizyon pwojè devlopman pou Boston an. Nou ap kontinye etidye kesyon sa a pandan pwochen faz efò pou refòm lan, epi nou ap pataje plis sou plan etid pou mezi rediksyon nan Plan Aksyon ajou nou an.

16. Èske yo ap retire avantaj kominotè yo pou pwojè ki konfòm ak règleman zònaj la?

Yo p ap retire avantaj kominotè yo pou pwojè ki konfòm ak zònaj la, men, yo ap konsidere konfòmite pou zònaj la lè yo ap detèmine avantaj kominotè pou yon pwojè.

CHANJMAN DEBAZ 3: REVIZYON KOWÒDONE

1. Kijan w ap asire yon pwosesis revizyon kowòdone ant Komite yo ak komisyon yo?

Nou rekonèt yon bon kowòdinasyon esansyèl pou fè yon pwosesis revizyon devlopman vin efikas epi vin yon reyisit. Pou rezoud pwoblèm sa a, nou te pran desizyon okòmansman pou anboche yon Medyatè pou Pèmi Devlopman nan Depatman Planifikasyon an. Wòl sa a fèt pou kowòdone pwojè yo apre Konsèy BPDA a fin apwouve yo, pou asire pwosesis la pi senp lè yo idantifye obstak yo epi mete sou pye solisyon ki nesèsè yo. Nan yon pati nan chanjman debaz 3 a ap gen revizyon sou sekans Konsèy yo ansanm ak apwobasyon kote pwojè yo ap pase a. Pou plis detay, gade nan paj 78 Plan Aksyon an.

2. Èske w anvizaje pou konbine faz revizyon "Pre-Konsèp" yo ak "Konsèp" yo?

Devlope yon nouvo estrikti ak yon nouvo kalandriye pou pwosesis revizyon an, se yon rekòmandasyon enpòtan pou amelyore Atik 80 an, epi li vrèman lye ak lòt chantye ki ankou. Nou tandè opinyon sa a souvan pandan tout angajman nou an epi nou ap konsidere apwòch sa a. Nou ap presize objektif ak etandi chak faz oframezi nou ap mete Plan Aksyon an sou pye.

3. Kijan angajman kominotè a ap entegre nan nouvo pwosesis depo a?

Nou ap entegre angajman kominotè a nan chak faz pwosesis depo a epi nou ap pèsonealize efò angajman yo pou gen asirans kòmantè kominote a ap enpòtan epi nou ap resevwa yo nan moman kote yo kapab gen plis enpak la. Lè nou kòmanse enplike angajman kominotè a pi bonè nan pwosesis la, nou kapab jwenn kòmantè nan moman yo ap pi efikas pou fason devlopman yo pwopoze a. Pandan faz konsepsyon konsèp la, manm kominote a ap gen posiblite pou fè kòmantè sou eleman enpòtan nan bilding nan, tankou sou wotè, dansite, ak gwosè a, anvan yo finalize yo. Pandan faz chema a, kote

ekip ak manm pèsònèl devlopman an ap kontinye rafine konsepsyon pwojè a, nou ap konsantre sou konfimasyon estrateji rediksyon epi sou avantaj kominotè yo. Nou ap pataje yon seri prezizyon sou fason nou ap entegre angajman kominotè a nan estrikti klasman nan Plan Aksyon ki ajou nou an.

4. Poukisa manm pèsònèl Depatman Sèvis Enspeksyon an (Inspectional Services Department, ISD) pa enplike nan ekip revizyon dosye yo?

Nou travay regilyèman avèk manm pèsònèl ISD a pandan tout pwosesis Atik 80 an, lè nou gen bezwen ekspètiz yo. Sepandan, ekspètiz manm pèsònèl ISD yo pi enpòtan lè yo ap reyaji nan plan nivo konstriksyon yo, sa ki pa fè antre nan pwosesis revizyon Atik 80 an ki mennen nan apwobasyon Konsèy la. Lè nou kenbe angajman manm pesonel ISD yo kote kontribisyon yo gen plis enpak la, nou kapab pi byen rann pwopozisyon yo konfòm ak règleman yo epi evite reta pi devan nan pwosesis la.

5. Poukisa yo pa rejte pwojè yo poutèt yo pa an konfòm ak zonaj aktyèl la?

Byenke nou te lanse yon efò konplè toupato nan Vil la pou modènize kòd zonaj la Vil la, efò sa yo ap pran plizyè lane. Zonaj aktyèl la pase mòd epi li pa toujou koresponn ak evolisyon bezwen kominotè yo, priyorite yo, epi ak objektif Vil la. Menm nan zòn kote nou te mete zonaj la ajou sa pa gen lontan yo, nou pa kapab antisipe zonaj la oswa pran tout senaryo ki posib yo an konsiderasyon.

Olye pou nou rejte pwojè yo senpleman paske yo vyole zonaj aktyèl la, nou ap chèche abòde sityasyon sa yo avèk souplès, lè nou kite plas pou yon seri solisyon kreyatif ki konble enkyetid kominote a, toutpandan yo ap ankouraje yon devlopman reflechi.

6. Èske yo dwe bay otorizasyon pou revizyon Atik 80B a (Gwo Pwojè) ak Atik 80D a (Plan Mastè Enstitisyonèl) fèt anmenmtan?

Se yon kesyon konplike manm pèsònèl la ap egzamine; nou ap etidye li nan pwochen faz efò pou modènize Atik 80 an.

Yon revizyon pa sekans pou IMP yo (Atik 80D), apresa yon seri gwo pwojè (Atik 80B), ap mete plis aksan sou eleman planifikasyon yon IMP. Sepandan, nan anpil ka, enstitisyon yo konn mande pou mete IMP yo ajou selon bezwen devlopman byen presi yo. Kapasite pou fè yon revizyon anmenmtan ap pèmèt yon konvèsasyon ki pi transparan ak yon repons ki pi soup pou chanjman ki ap fèt sou kanpis enstitisyon yo.

7. Èske Konsèy BPDA a ap gen dwa pou vote apre etap Konsepsyon Konsèp la?

Non, Konsèy BPDA a ap kontinye vote sou pwojè yo pwopoze a apre yo fin fè pwosesis revizyon, jan sa ye jodi a.

Wòl Detèminasyon Konsèp la se bay pwomotè pwojè yo eksplikasyon bonè depi nan premye etap revizyon an, lè manm pèsònèl la idantifye domèn kote yo koresponn oswa pa koresponn parapò ak planifikasyon epi politik ki la deja yo. Dokiman sa a ap kolekte kòmantè nan men tout manm pèsònèl Depatman Planifikasyon an ki enplike nan revizyon an, nan yon sèl rezime. Apresa, devlopman yo pwopoze a ap kontinye

pwogrese nan kad pwosesis revizyon an, epi rafine konsepsyon an rive jis nan etap revizyon Chema a. Tanpri, gade dyagram ki nan paj 60 Plan Aksyon an.

8. Ki nouvo peryòd tan pou Plan Direktè Enstitisyonèl yo (IMP)?

IMP yo ap dire 5 lane, 10 lane oswa 15 lane. Enstitisyon yo ap kowòdone ak manm pèsonèl Depatman Planifikasyon an pou detèmine dire ki pi byen koresponn ak bezwen enstitisyon yo a, etandone IMP aktyèl yo ap pral ekspire. Enstitisyon ki nan yon peryòd chanjman yo, kit se yon gwo envestisman oswa yon chanjman nan direksyon, kapab chwazi yon IMP akoutèm. Enstitisyon ki prevwa bezwen yo ap rete konsistan alontèm, kapab chwazi yon IMP 15 lane.

9. Li nesèsè pou gen anpil netwayaj ak klarifikasyon nan chanjman ki fèt nan pwosesis Plan Direktè Enstitisyonèl la (IMP).

Nou nan pwosesis pou revize IMP a, epi nou ap entegre pifò rekòmandasyon yo nan pwochen faz efò refòm pou revizyon devlopman an. Men kèk kesyon enpòtan nou ap chèche reponn:

- a. Kijan renovasyon yo pral an konfòmite ak egzijans Lwa sou Rediksyon ak Divilgasyon Gaz Kabonik Bilding' yo (Building Emissions Reduction and Disclosure Ordinance, BERDO) epi Atik 37 la?
- b. Èske yo ap retire egzijans nan kesyon modifikasyon yo pou kontra lwaye oswa akizisyon ki pa enlike modifikasyon itilizasyon tè a?
- c. Kijan CAT yo pral sanble (oswa diferan) ak Gwoup Travay Enstitisyonèl yo?

10. Kijan w pral bay asirans ap gen lojman abòdab nan kad nouvo pwosesis sa a?

Pwosesis sa a se yon pwèn enpòtan nan dekrè egzekitif Majistra a. Nou prevwa konte sou efò Vil la deja ap fè yo pou gen asirans yo ap konsidere lojman abòdab yo kòm priyòrite, epi yo ap reyalize avèk siksè.